



Pou Piblikasyon Imedya: 13/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PRIM POU DEVLOPMAN EKONOMIK KÒM SIPÒ
PLIS PASE 12,000 DJÒB AK ANKOURAJMAN
PLIS PASE 410 MILYON DOLA NAN ENVESTISMAN KAPITAL**

Kouran idwolik Niagara pou ankouraje plis pase 100 milyon dola nan investisman kapital prive nan Lwès New York

Finansman NYPA pou ede nan etid sou fezabilite idwojèn vèt

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Konsèy Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) te apwouve prim devlopman ekonomik bay 25 konpayi ki pral sipòte plis pase 12,000 djòb — prèske 500 ki fèk kreye — ak ankouraje plis pase 410 milyon dola nan investisman kapital. Yo te repati kouran bon mache atravè [pwogram ReCharge NY](#) la bay 23 aplikan nan tout eta a, epi kouran idwolik bon mache Niagara a te repati bay de konpayi nan Lwès New York. Anplis de sa, Konsèy NYPA a te apwouve yon prim Resèt Enèji Lwès New York (Western New York Power Proceeds, WNYPP) pou sipòte deplwaman idwojèn vèt nan Eta New York.

"Nou ap ouvri wout vè yon ekonomi pwospè, rezistan ki mache ak enèji pwòp", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Prim sa yo pral etabli enfrastrikti ki pi efikas nan enèji, estimile ekonomi nou an, kreye djòb, epi prepare wout la pou yon avni ki pi pwòp ak ki pi dirab. Administrasyon mwen an pral kontinye priyore pwojè enèji vèt ki atire endistri demen yo nan New York".

Pri ReCharge NY yo

Alokasyon prèske nèf megawatt (MW) enèji bon mache nan pwogram ReCharge NY yo prale jwenn 23 konpayi nan Distri Kapital, New York Santral, Finger Lakes, Hudson Valley, Vil New York, Lwès New York ak bò Long Island. Prim yo sipòte dirèkteman plis pase 12,000 djòb — 458 ki fèk kreye — ak plis pase 305 milyon dola nan investisman kapital.

ReCharge NY te ranfòse ekonomi Eta New York la nan ankouraje konpayi yo pou konsève ak kreye anplwa, pandan l ap sisite investisman kapital nan tout eta a. ReCharge NY ofri kontra kouran pou jiska sèt ane. Mwatye kouran an — 455 MW —

soti nan izin idwoelektrik Niagara ak St. Lawrence-Franklin D. Roosevelt NYPA yo. Rè 455 MW la se kouran elektrik pi bon mache NYPA te achte sou mache an gwo a.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa Otorite Enèji New York, Justin E. Driscoll, te deklare, "Atravè pwogram ReCharge NY la, NYPA ap reyalize tranzisyon New York nan yon ekonomi enèji pwòp. Pwogram kouran bon mache a pral ajoute prèske 500 djòb nan mendèv New York ki gen talan epi revitalize kominote yo avèk plis pase 305 milyon dola nan envestisman kapital prive".

Kèk alokasyon remakab Konsèy NYPA apwouve atravè ReCharge NY jodi a gen ladan prim pou Albany Medical Center nan Distri Kapital, Urban Fields Agriculture nan Long Island, ak Morgan Stanley nan Vil New York.

Gen yon lis konplè alokasyon enèji NY ak sibvansyon pou devlopman ekonomik ki disponib [isit la](#).

Pri pou Lwès NY

Konsèy NYPA a te apwouve tou alokasyon kouran idwolik Niagara bon mache pou de konpayi nan Lwès New York: Coal Ash Recycling (CAR) ak Sonwil Distribution Center, Inc.

Prezidan Otorite Enèji New York ak rezidan Buffalo, John R. Koelmel, te deklare, "Kouran idwolik ki soti nan pwojè Enèji Niagara a se kolòn vètebral ekonomi Lwès New York la. Prim kouran idwolik yo apwouve nan reyinyon jodi a pral sipòte konpayi k ap fè avanse objektif pwogram klimatik New York ki prensipal nan peyi a epi ki bay sèvis enpòtan ki pral ranfòse ekonomi enèji pwòp k ap grandi Lwès New York la".

Konsèy NYPA a te apwouve yon alokasyon kouran idwolik 2,550 kilowat (kW) pou sipòte agrandisman CAR, ki te ankouraje anviwon 45 milyon dola nan envestisman kapital epi kreye 20 djòb vèt nan rejyon an.

CAR, yon pwopriyete sit dechaj ki kenbe sann volan, yon eleman kle nan fabrikasyon beton, ap planifye yon pwojè ekspansyon nan enstalasyon Fredonia li a pou ratrape ak trete sann volan pou yo ka itilize nan pwodiksyon beton vèt ki gen fèb emisyon kabòn. Sann volan se yon sou-pwodui nan konbisyon chabon moulen pou jenere elektrisite. Dechaj Konte Chautauqua CAR la gen sann volan ki te pwodwi nan Estasyon Jeneratè Dunkirk nan ane 1960 yo jiska ane 1980 yo.

Pwodiksyon siman, yon engredyan komen nan beton, responsab pou prèske 8 pousan nan emisyon kabòn nan mond lan. Ranplase sann volan pou siman nan pwodiksyon beton ogmante lavi estrikti beton nan amelyore fòs jeneral li ak rezistans li. Anplis de sa, li ekonomize dlo ak siyifikativman diminye emisyon gaz a efè sè.

Yo te konsidere aplikasyon CAR nan kad Plan ankourajman pou Evalyasyon Travay Vèt ke administratè yo te apwouve nan dat 9 desanm 2020. Plan an pèmèt konsiderasyon

enpak djòb vèt yo lè l ap evalye aplikasyon pou enèji NYPA. Pwojè CAR a satisfè kritè kalifikasyon kòm yon konpayi travay vèt nan Eta New York. Anplis de sa, pwojè a sipòte Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè ak Lwa sou Lidèchip pou Beton avèk Fèb Emisyon Kabòn ki Enkòpore, ki egzije itilizasyon beton ki gen fèb emisyon kabòn nan pwojè Eta New York ki finanse.

Sonwil Distribution Center, yon konpayi depo, ak distribisyon ki baze nan rejyon Lwès New York pandan plis pase 80 ane, te resevwa 500 kW kouran idwolik pou konstwi yon depo distribisyon 334,000 pye kare nan West Seneca pou sipòte kwasans baz kliyan ki egziste deja li yo pandan l ap bay kapasite adisyonèl ki nesès pou atire nouvo kliyan. Etablisman prèske 60 milyon dola a pral sèvi kòm yon sit depo, distribisyon ak anbalaj plizyè tanperati pou pwodwi manje ak bwason fini. Pwojè a pral pèmèt konpayi an sipòte kwasans fabrikan ki egziste deja yo epi ede atire lòt nouvo nan Lwès New York, sa ki prevwa ankouraje aktivite ekonomik rejyonal adisyonèl epi kreye 19 nouvo pozisyon pèmanan aplentan.

Kouran idwolik bon mache Niagara a disponib pou konpayi yo ki nan yon reyon 48 kilomèt de Pwojè Kouran Niagara Otorite Enèji a oswa biznis yo ki nan Konte Chautauqua. Kouran idwolik Niagara a lye ak plizyè dizèn milye travay ki la deja nan rejyon an.

Anplis de sa, Konsèy Administrasyon NYPA a te apwouve yon prim 35,000 dola nan Fon Resèt Enèji Lwès New York.

Niagara University te resevwa 35,000 dola nan finansman pou sipòte yon etid fezabilite nan tout kanpis la ki pral egzamine potansyèl pou diminye emisyon yo nan ogmante itilizasyon idwojèn vèt li yo.

New York ap dirije yon kowalisyon rejyonal sis eta k ap kolabore sou avansman pwojè idwojèn pwòp atravè rejyon an ki aliyen avèk objektif anbisyè klimatik ak enèji pwòp chak eta, ki gen ladan yon konsantrasyon enpòtan sou klima ak jistis anviwònman an.

Prim finansman NYPA a vin posib gras a salè nèt ki soti nan vant kouran dwolik ki pa itilize ki te jenere nan izin elektrik Niagara NYPA a epi ki soti nan lwa sou revni kouran ki te siyen an 2012.

Manm Asanble Michael J. Cusick, te deklare, "Prim ReCharge NY ki soti nan Otorite Enèji New York fè avanse objektif anbisyè klimatik ak enèji pwòp eta nou an. Nouvo seri prim sa a pral estimile ekonomi New York lè l ajoute plizyè santèn djòb epi ankouraje gwo investisman kapital".

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York

Pwogram klimatik nasyonal Eta New York la se inisyativ klimatik ak enèji pwòp ki pi agresif nan nasyon an, ki mande yon tranzisyon òdone ak jis nan enèji pwòp ki kreye djòb epi kontinye ankouraje yon ekonomi vèt pandan Eta New York ap rekipere apre pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon

Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwòjè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.6 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe plis pase 165,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2021, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418